

Chè fanmi,

Aplikasyon 3-K pou ane lekòl 2022-2023 a pral kòmanse pi ta ivè sa a. Tout timoun ki fèt an 2019 elijib pou aplike. Kounye a se yon bon moman pou enfòmè sou opsyon 3-K pou pitit ou a ak kòmanse eksplòre yo.

Yo ofri pwogram 3-K yo nan **kat anviwòn pwogram diferan**. Tout anviwònman yo ofri menm bon kalite kourikoulòm lan pou timoun Vil Nouyòk ki gen laj twazan:

- **New York City Early Education Centers (NYCEECs)**. Òganizasyon debaz (community-based organizations, CBO) sa yo ki se ekspè nan pwogram pou debitan asosye avèk DOE pou ofri pwogram 3-K.
- **Gadri pou fanmi** Pwogram sa yo se founisè gadri lisansye, kalifye ki ofri 3-K nan yon anviwònman lakay yo.
- **Lekòl distri**. Kèk lekòl primè DOE ki ofri 3-K.
- **Sant Pre-K**. Sa yo se sant pou debitan DOE ki gen sèlman klas ki pi ba pase.

Nan anviwònman yo ak kèk fwa nan menm pwogram lan, gen **two tip plas 3-K**:

- **Plas jounen konplè** gratis epi ki ofri swen debitan ak edikasyon pou 6èdtan ak 20 minit pa jou pandan ane lekòl la, anjeneral septanm rive jen. Tout timoun NYC ki fèt an 2019 elijib pou plas sa yo.
- **Jounen ak ane ki pi long** gratis oswa ki pa chè epi ki ofri swen pou jiska 10èdtan swen debitan ak edikasyon pa jou, tout ane a. Elijiblite pou plas sa yo baze sou revni ak bezwen fanmi yo. Si w resevwa yon òf pou yon plas nan jounen ak ane ki pi long, w ap bezwen ranpli yon aplikasyon pou gadri pou w ka konfime elijiblite pitit ou a.
- **Plas Head Start** yo gratis epi yo ofri 10èdtan swen debitan ak edikasyon pa jou, tout ane a. Elijiblite pou Head Start yo baze sou revni ak bezwen fanmi yo. Si w resevwa yon òf pou yon plas Head Start, pwogram lan pral travay avèk ou pou konfime elijiblite pitit ou a.

Gen plis enfòmasyon sou admisyon nan 3-K sou [sitwèb](#) nou an, kote ou ka gade lis videyo nou an. Ou ka navige (browse) tou nan sa 3-K ofri kounye a nananyè [MySchools 3-K](#). Kreye yon kont epi ajoute pitit ou a.

N ap kontakte w ankò avan aplikasyon an kòmanse! Pandan tan sa a, si w bezwen sipò, ou ka:

- Voyer yon imèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.
- rele nou nan (718) 935-2009.
- Ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Avèk respè,

Ekip admisyon 3-K a